# आकाशवाणी, गोरखपुर

## दिनांक–17 अगस्त 2025 भोजपुरी समाचार

मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ आजु गोरखपुर प्रवास के दुसरका दिन्ने खानिमपुर में टोरेंट समूह के हाइड्रोजन प्लांट क सुभारम्भ कइलें। येह प्लांट से हर सालि बहत्तर टन ग्रीन हाइड्रोजन गैस क उत्पादन होई, जेहसे पांच सौ टन कार्बन उत्सर्जन क बचत होई। येह मौका पर मुख्यमंत्री कहलें कि हरित ऊर्जा भविस्य क ऊर्जा हौ। एइजा लागे वाला प्लांट में हाइड्रोजन ऊर्जा बनले के साथे फिर सीएनजी के साथे ओकर ब्लेडिंग होई अउर फेर घरे–घरे रसोई गैसो के रूप में ओकर उपयोग हो सकी। हम्मन के प्रदेस के अन्दर बाइस हजार मेगावाट अक्षय ऊर्जा के उत्पादन क लक्ष्य रखले हईं। एहसे पहिले मुख्यमंत्री गोरखपुर में रीजेंसी हॉस्पिटलो क उद्घाटन कइलें। उहां के कहलीं कि आजु से दस सालि पहिले प्रदेस में स्वास्थ्य सुविधा के ले के ओह समय क सरकार संजीदा नाहीं रहल।

***यह पूर्वी उत्तर प्रदेश है आज से 10 वर्ष पहले स्वास्थ्य की बुरे हाल थे सुविधाओं के बुरे हाल थे सरकार भी उदासीन थी और नागरिक सुविधा न होने के कारण यह जैसे तैसे अपना जीवन यापन करता था लेकिन देश के अंदर स्वास्थ्य क्षेत्र में परिवर्तन होना ही चाहिए जब इस प्रतिबद्धता के साथ प्रधानमंत्री मोदी जी के नेतृत्व में देश ने एक अंगड़ाई भरी आज आप देख सकते हैं कि कितने बड़े पैमाने पर परिवर्तन हुआ है। आज आप बीआरडी मेडिकल कॉलेज की सुविधा को आप देखिए अब गोरखपुर में एम्स भी हो गया है दर्जनों अन्य अस्पताल भी खुल गए हैं।***

**********

मुख्य चुनाव आयुक्त ज्ञानेश कुमार आजु एगो प्रेस वार्ता में फरिया के कहलें कि चुनाव आयोग बदे सज्जों राजनीतिक दल समान हौ, कउनो पक्ष चाहे विपक्ष नइखे। उहां के दोहरउलीं कि चुनाव आयोग क दरवाजा सबके खातिर खुलल हौ अउर मिथ्या आरोप से आयोग न त डेराला न ही मतदाता प्रभावित होलें।

दिल्ली क राष्ट्रीय मीडिया केंद्र में पत्रकार वार्ता में मुख्य चुनाव आयुक्त कहले कि मतदाता सूची के अपडेट करे बदे विसेस गहन पुननीक्षण क प्रक्रिया बिहार में सुरू कइल गइल। राजनीतिक दलन के आरोपन पर चिंता जतावत मुख्य चुनाव आयुक्त कहलें कि मतदाता क अनुमति के बिना उनके फोटो क इस्तेमाल क सिकाइतों मिलल हौ, बाकीर आयोग मतदाता लोगिन के साथे चट्टान के तरीयन खड़ा रही। उहां के भरोस दियवलीं की चुनाव पारदर्सिता अउर निस्पक्षता से संपन्न होई।

**********

एग्जियोम–4 मिशन क सफलता के बाद भारतीय अंतरिक्ष यात्री अउर लखनऊ क रहवइया ग्रुप कैप्टन शुभांशु शुक्ला आजु भिन्नहीं अमेरिका से दिल्ली पहुंचलें, जहवां एयरपोर्ट पर केन्द्रीय विज्ञान अउर प्रौद्योगिकी राज्य मंत्री डॉक्टर जितेन्द्र सिंह, दिल्ली क मुख्यमंत्री रेखा गुप्ता अउर उनके परिवार क लोगि उनकर जोरदार स्वागत कइलें। शुभांशु आजु प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी से मुलाकात करिहें अउर फेर लखनऊ बदे रवाना होइहें। शुभांशु के साथे भारत क गगन यान मिशन बदे चुनल गइल एगो अउरियो अंतरिक्ष यात्री ग्रुप कैप्टन प्रशान्त बालकृष्णन नायरो भारत लवटल हवें।

**********

भारतीय जनता पारटी संसदीय बोर्ड क आजु नई दिल्ली में पारटी मुख्यालय में बइठकी होई। एहमें उप राष्ट्रपति चुनाव के ओम्मेदवार पर चरचा हो सके ला। सत्तारूढ़ राष्ट्रीय जनतांत्रिक गठबंधन क नेता लोगि सर्वसम्मति से एगो प्रस्ताव पारित कइ के प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी अउर भाजपा अध्यक्ष जगत प्रकाश नड्डा के उप राष्ट्रपति क ओम्मेदवार चुने बदे अधिकृत कइले हवे। उप राष्ट्रपति चुनाव खातिर बियफे ले नामांकन दाखिल कइल जा सके ला। चुनाव नौ सितम्बर के होई। ई चुनाव श्री जगदीप धनखड़ के इस्तीफा दिहले के नाते हो रहल हौ।

**********

यूपी टी–20 लीग के तिसरका संस्करण क सुरूआति आजु से लखनऊ के अटल बिहारी वाजपेई इकाना अन्तर्राष्ट्रीय स्टेडियम में होई। यूपी टी–ट्वेंटी गवर्निंग काउंसिल क अध्यक्ष डीएस चौहान बतवलें कि पछिला बेरि के अपेक्षा येह बेरि प्रतियोगिता में लोगिन के बढ़ियां क्रिकेट देखे के मिली। टीवी अउर डिजिटल प्लेटफार्म से मैच देखे वालन बदे नया अनुभव होई। उहां के बतवलीं कि येह लीग में कुल छौ टीमि हिस्सा ले रहलि हइनि, जेहमें लखनऊ फाल्कन्स, नोएडा सुपर किंग, काशी रूद्रास, मेरठ मैवरिक्स, कानपुर सुपरस्टार्स अउर गोरखपुर लाइन्स सामिल हौ। आजु पहिला मोकाबिला मेरठ मैवरिक्स आ कानपुर सुपरस्टार्स के बिच्चे खेलल जाई।

**********

राष्ट्रपति द्रौपदी मुर्मू स्वतंत्रता दिवस के मौका पर जौनपुर के रामपुर क रहवइया दिव्यांग शुभलाल सरोज के राष्ट्रपति भवन में सम्मानित कइलिनि। ई सम्मान उन्हें दिव्यांग लोगिन बदे न्यायालय, सुरक्षा अउर सामाजिक व्यवस्था से जुड़ल कई गो सुझाव अउर कार्यन बदे मिलल हौ। उनके कोसिसन से बौनापन के दिव्यांग सूची में सामिल कइल गइल। उनकर प्रेरणा उन्हें प्रधानमंत्री क मन की बात कार्यक्रम के जरिये मिलल।

**********